



VÈSYON PWOLONJE

Kesyon ak repons pou paran yo / gadyen yo

NYC
KiDS | Save for College
RiSE | Program

nyckidsrise.org

1. Kisa NYC Kids RISE Pwogram Sere Pou Inivèsite nan ye?

NYC Kids RISE Pwogram Sere Pou Inivèsite a ofri ou, fanmi ou, ak kominote ou yon fason pou travay ansanm pou sere pou avni pitit ou a. Li se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki fèt pou fè inivèsite vini plis aksesib e reyalizab pou pitit ou a. Pwogram lan ouvè a tout Kindergarten nan Distri 30-kèlkeswa revni fanmi an oswa kondisyon imigrasyon yo.

Nan bay bousdetid davans pou tout elèv ki elijib yo epi bay zouti ak enfòmasyon pou fanmi yo devlope pwòp plan ekonomi yo, Pwogram sere pou Inivèsite a ranfòse fanmi yo pou bati yon fondasyon pou avni pitit yo. Pwogram Sere pou Inivèsite a pral angaje tout kominote a tou pou ede timoun yo reyalize rèv kolèj yo.

2. Kijan pati bousdetid la nan pwogram NYC Kids RISE Sere pou Inivèsite a fonksyone?

NYC Kids RISE pral otomatikman depoze 100 \$ sou yon kont Bousdetid NYC pou timoun kindergarten ou an, sof si ou pa chwazi pou patisipe. Kòmanse nan mwa Janvyè, nou pral pataje opòtinite pou ou resevwa lajan adisyonèl pou kont bousdetid pitit ou a. Lòt manm nan kominote a, tankou òganizasyon kominotè yo ak biznis yo, ap kapab tou pou kontribye nan bousdetid yo pou ede pitit ou atenn objektif inivèsite yo.

Fon bousdetid yo pral investi nan Plan Direct NY 529 la, yon kalite kont ki fèt espesyalman pou ede fanmi yo ekonomize pou lekòl la. Kont bousdetid la ka jwenn oswa pèdi lajan avek tan, tou depann de mache finansye a ak pèfòmans investisman an. Sa vle di kantite lajan ki disponib sou Kont Bousdetid NYC pou yon timoun lè timoun ki ale nan inivèsite a ka plis oswa mwens pase kantite lajan yo depoze nan kont lan.

3. Kijan pati ekonomi NYC Kids RISE Pwogram Sere pou Inivèsite nan fonksyone?

Pou bati sou lajan investi an nan kont bousdetid pitit yo, paran yo ak gadyen nan timoun Kindergarten nan Distri 30 ap gen tou yon opòtinite yo louvri pwòp kont

depatman inivèsite yo. Paran, gadyen, fanmi, ak zanmi kapab kontribye dirèkteman sou kont sa a epi swiv balans ekonomi yo ansanm ak kont NYC bousdetid timoun yo. Aprè pitit ou a fin resevwa kont bousdetid li an, NYC Kids RISE ap bay plis enfòmasyon sou fason pou kreye yon plan ekonomi pou inivèsite ki bon pou oumenm ak fanmi ou an.

4. Poukisa pwogram NYC Kids RISE Sere pou Inivèsite la te kreye?

Li ka difisil pou ekonomize pou inivèsite. Pou anpil paran, voye pitit yo nan inivèsite ka sanble yon bagay ki difisil pou atenn. Rechèch montre ke timoun ki ale nan inivèsite touche yon salè siyifikativman pi wo nan vi yo. Rechèch montre tou ke timoun ki gen menm yon ti ekonomi sou kont yo ki swa 1 \$ a 500 \$ yo twa fwa plis chans pou enskri nan inivèsite e plis pase kat fwa plis chans pou yo gradye.

NYC Kids RISE, an patenarya avèk Vil Nouyòk ak Depatman Edikasyon, te kòmanse Pwogram Sere pou Inivèsite pou ranfòse fanmi yo pou yo kòmanse ekonomize ak planifye pou inivèsite nan premye jou lekòl pitit yo.

5. Kiyès ki elijib pou patisipe nan pwogram Sere pou Inivèsite la?

Nan faz inisyal sa a, tout elèv Kindergarten ki ale nan yon lekòl piblik Distri 30 nan Queens ka patisipe. Chak timoun Kindergarten ki ale nan yon lekòl leta Distri 30 depi nan kòmansman jiska fen youn nan «vag opt-out» Pwogram Sere pou Inivèsite yo, yo pral otomatikman enskri nan pwogram lan, sof si fanmi yo chwazi pa patisipe.

6. Ki lekòl k ap patisipe?

Tout lekòl piblik nan Distri 30 nan Queens ap patisipe nan premye ane NYC Kids RISE Pwogram Sere pou Inivèsite a.

7. Kouman pou mwen patisipe?

Li fasil pou kòmanse investi nan avni pitit ou a. Gen twa etap senp pou kòmanse patisipe nan pwogram NYC Kids RISE Sere pou inivèsite:

Pandan sezon otòn 2017, chak timoun Kindergarten ki ale nan yon lekòl piblik Distri 30 nan Queens pral otomatikman gen yon kont bousdetid NYC avèk 100 \$ nan li, sof si fanmi yo chwazi pa patisipe.

Kòmanse nan mwa Janvyè, ale nan sit wèb NYC Kids RISE la epi enskri pou kapab wè Kont Bousdetid NYC pitit ou an epi pou swiv balans ou a avèk tan. Lè ou enskri pou wè kont bousdetid ou, NYC Kids RISE ap depoze yon lòt kantite lajan nan kont lan.

Epitou kòmanse nan mwa Janvyè, ale nan yon atelye oswa vizite nyckidsrise.org pou aprann plis sou opsyon ekonomi kolèj ak kijan pou kreye yon plan ekonomi inivèsite ki bon pou ou ak fanmi ou.

8. E si mwen pa vle patisipe?

Paran / responsab elèv Kindergarten ki elijib yo pral gen yon opòtinite pou enfòmè lekòl yo ke yo pa vle pou yo enskri pitit yo nan pwogram Sere pou Inivèsite. Bonè nan mwa Novanm la, timoun Kindergarte ou an pral resevwa yon avi ki ap ba yo opsyon pou rete nan lekòl yo ou non. Si ou pa vle pitit ou a resevwa 100 \$ bousdetid NYC a oswa lajan alavni, ou dwe siyen Avi opsyon an epi retounen li nan lekòl pitit ou a nan espas 30 jou apre ou resevwa li.

9. Kisa k ap pase si mwen pa patisipe nan Pwogram Sere pou Inivèsite a?

Apre 30-jou peryòd pou pran desizyon an, Depatman Edikasyon NYC Kids RISE ap voye non ak enfòmasyon debaz chak timoun Kindergarten ki gen paran yo pa't deside retire timoun yo nan Pwogram Sere pou inivèsite la. Enfòmasyon sa a ap gen ladan sa yo: non timoun lan, anivèsè nesans li, lekòl li, klas li, adrès kay li, nimewo telefòn kay li, lang lakay li; Ak non paran / gadyen ak kontak yo (si yo te bay Depatman Edikasyon sa yo). Done sa yo pral pèmèt NYC Kids RISE kreye yon kont bousdetid NYC pou chak timoun k ap patisipe epi depoze 100 \$ sou chak.

10. Ki jan stati imigrasyon afekte kapasite mwen pou mwen patisipe?

Chak timoun nan Distri 30 la ap resevwa yon kont Bousdetid NYC kèlkeswa stati imigrasyon timoun nan

oswa fanmi an, sòf si paran / gadyen yo chwazi pa patisipe. Nan mwa janvyè, NYC Kids RISE ap bay enfòmasyon adisyonèl pou fanmi ki vle louvri pwòp kont ekonomi inivèsite yo epi kòmanse ekonomize ansanm sou kont bous yo.

11. Pou kisa yo ka itilize lajan an ki nan Kont Bousdetid NYC a? Èske gen restriksyon sou kijan li ka itilize?

Lajan nan Kont Bousdetid Vil Nouyòk la envesti nan Plan Direksyon NY 529 epi yo ka itilize'l sèlman pou rezon edikatif yo. Sa a gen ladan de ane ak kata ne inivèsite ak lòt pwogram fòmasyon karyè. Fon bousdetid yo ka itilize pou peye frè ekolaj, frè, ekipman, kèk depans chanm ak manje, e menm bagay tankou liv, ki souvan pa kouvri nan lòt bous detid. Lajan yo ka itilize nan lekòl nan Nouyòk ak nan tout peyi a, e tou nan kèk lekòl aletranje.

Vizite nyckidsrise.org pou plis enfòmasyon sou kijan lajan yo ka itilize nan NYC Bousdetid la.

12. Ki moun ki jere NYC Kids RISE Pwogram Sere pou Inivèsite a?

NYC Kids RISE ap jere pwogram Sere pou Inivèsite a an patenarya avèk Depatman Edikasyon ak Vil Nouyòk. NYC Kids RISE se yon òganizasyon a bi likratif k ap travay pou elaji opòtinite ekonomik ak ekite nan bay fanmi yo, lekòl yo ak kominote yo yon fason pou yo travay ansanm pou sere pou edikasyon pitit yo. Bati sou rèv ak atant fanmi yo genyen pou avni timoun yo, NYC Kids RISE gen pou objektif pou fè ale nan inivèsite ak gradye nan inivèsite vini pi posib pou tout elèv lekòl piblik NYC yo - kèlkeswa kote yo soti an oswa ki kantite lajan fanmi yo genyen nan bank la.

13. Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram sere pou inivèsite a?

Plis enfòmasyon sou pwogram NYC Kids RISE Sere pou Inivèsite a disponib nan lekòl pitit ou a ak sou entènèt nan nyckidsrise.org.

14. Kisa k ap rive bousdetid pitit mwen an si nou kite Distri 30 anvan pitit mwen an gradye nan lekòl segondè?

Yon fwa ke timoun kindergaten ou an te resevwa yon kont bousdetid (Vil Nouyòk) NYC, ou pral kontinye gen aksè nan kont sa a si ou demenaje ale nan nenpòt lòt lekòl leta oswa lekòl Charter nan Vil Nouyòk. Pitit ou a ka elijib tou pou jwenn kèk avantaj anplis.

Si pitit ou a kite sistèm lekòl piblik NYC a, pitit ou a ap toujou elijib pou lajan ki deja nan kont Bousdetid NYC yo, men li pap elijib pou resevwa lòt lajan anplis.

15. Kisa k ap pase si pitit mwen an transfere nan yon lòt lekòl k ap patisipe nan pwogram lan nan Distri 30 anvan yo gradye nan lekòl segondè?

Yon elèv ki transfere nan nenpòt lòt lekòl k ap patisipe nan pwogram lan nan Distri 30, ladan lekòl Charter, ap rete nan Pwogram Sere pou Inivèsite a epi yo ka elijib pou tout benefis ki vini avèk patisipasyon yo.

16. Mwen ap viv nan Distri 30, men pitit mwen an ale lekòl nan yon lòt distri. Èske mwen ka toujou patisipe nan pwogram NYC Kids RISE Sere pou Inivèsite a (NYC Kids RISE Save for College Program)?

Non. Nan moman sa a, se sèlman elèv ki nan yon lekòl k ap patisipe nan pwogram lan ki elijib pou patisipe.

17. Poukisa yo te chwazi distri 30 nan Queens kòm premye distri lekòl k ap patisipe?

Yo te chwazi lekòl Distri 30 kòm premye distri lekòl k ap patisipe a nan pwogram NYC Kids RISE Sere Pou Inivèsite a paske popilasyon li reflekte popilasyon lekòl leta Vil Nouyòk ann antye. Distri a tou gen patnèchip solid ant lekòl ak kominote a pou sipòte nouvo pwogram Sere Pou Inivèsite a ak pou gaye pawòl la.

18. Kijan lekòl pitit mwen an ap patisipe nan Pwogram Sere Pou Inivèsite a?

NYC Kids RISE ap travay avèk Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYC Department of Education) lan ak lekòl Distri 30 yo pou pataje enfòmasyon sou Pwogram Sere Pou Inivèsite a, ede fanmi patisipe, epi kowòdone opòtinite edikasyon pou elèv ak paran.

19. Ki enfòmasyon NYC Kids RISE pral jwenn sou pitit mwen an nan kad pwogram Sere Pou Inivèsite a?

Pou NYC Kids RISE bay pitit ou a yon Kont Bousdetid NYC, NYC Kids RISE ap resevwa enfòmasyon sa yo ki soti nan Depatman Edikasyon (DOE) NYC pou chak timoun k ap patisipe: non timoun nan, dat nesans li, lekòl li, klas li, adrès lakay li, nimewo telefòn kay li, ak lang li pale lakay li; ak non paran / responsab, nimewo telefòn, ak adrès imel (si yo te bay DOE yo).

20. Kòman yo pral itilize enfòmasyon pèsònèl mwen ak enfòmasyon pèsònèl pitit mwen an?

Yo pral itilize enfòmasyon debaz sa a sou fanmi k ap patisipe yo pou kreye kont Bousdetid NYC elèv la epi edike fanmi yo sou Pwogram Sere Pou Inivèsite an, ak pou evalyasyon ak rechèch pwogram lan. W ap kapab mete enfòmasyon kontak ou bay NYC Kids RISE ajou ak koupe abònman avèk kèk kalite kominikasyon.

21. Si mwen chwazi pa patisipe nan Pwogram Sere Pou Inivèsite a, èske mwen ka enskri pitit mwen an nan yon dat aprè?

Paran/responsab ki ranpli epi voye Avi Kite (Opt-out Notice) a tounen pou yo pa patisipe, epi ki vin chanje lide yo pi ta pou yo patisipe ta dwe kontakte NYC Kids RISE nan 833-KID-RISE (833-543-7473).

22. Èske mwen ka anile patisipasyon pitit mwen an nan pwogram Sere pou Inivèsite a apre peryòd opt-out la te fini?

Si ou vle anile patisipasyon pitit ou a nan Pwogram Sere pou Inivèsite a apre yo fin enskri epi resevwa Kont Bousdetid NYC yo, tanpri kontakte NYC Kids RISE nan 833-KID-RISE (833-543-7473).

23. Kijan pwogram NYC Kids RISE Sere pou Inivèsite an gen rapò avèk Bous Eksèlisyò, pwogram diplòm inivèsite gratis Eta Nouyòk?

Yo ka itilize fon NYC Kids RISE ak fon sipòtè kominote a kontribye nan Kont Bousdetid NYC yo pou plis pase jis ekolaj. Si yon elèv kalifye pou ekolaj gratis nan yon inivèsite CUNY oswa SUNY atravè Bous Eksèlisyò a, yo ka itilize lajan nan kont Bousdetid NYC yo pou anpil lòt depans pou inivèsite. Tankou liv, founiti klasik, òdinatè, ak kèk frè chanm ak manje. Epi, yo ka itilize Kont Bousdetid Vil Nouyòk la tou nan pi fò nan Inivèsite dezan ak katran ak nan pwogram fòmasyon pwofesyonèl nan peyi a, ak kèk aletranje tou.

24. Èske patisipe nan pwogram Sere pou Inivèsite a koute?

Non, enskripsyon nan pwogram Sere pou Inivèsite NYC Kids RISE la, ladan resevwa yon bousdetid, otomatik ak gratis. Si yon fanmi vle sere pwòp fon li nan yon kont epay pou inivèsite kòm yon pati nan pwogram nan, NYC Kids RISE ap bay enfòmasyon sou opsyon kont epay inivèsite ki pa chè ak ki pa koute.

25. Kòman fanmi yo pral kapab jwenn fon bousdetid anplis?

NYC Kids RISE pral bay timoun yo ak fanmi yo opòtinite pou ogmante valè kont Bousdetid NYC yo apre yon sèten tan. Pa egzanp, kòmanse nan mwa janvyè, NYC Kids RISE ap depoze yon lòt kantite lajan nan kont bousdetid pitit ou a lè ou enskri pou wè kont lan sou entènèt. Nan lavni, fanmi ap gen lòt opòtinite pou yo gen plis lajan ajoute nan kont bousdetid pitit yo.

26. Kòman 100 \$ pra l fè yon diferans nan kapasite yon timoun pou yo ale nan inivèsite?

Timoun ki gen yon kont epay nan inivèsite ak yon plan pou edikasyon siperyè gen plis chans pou yo ale nan inivèsite. Rechèch montre timoun ki gen menm yon ti ekonomi kita 1 \$ jiska 500 \$ sou kont yo, gen twa fwa plis chans pou enskri nan inivèsite ak plis pase kat fwa plis chans pou yo gradye ak yon diplòm. Espwa a se pou kont elèv k ap patisipe nan Bousdetid Vil Nouyòk yo grandi apre yon sèten tan atravè ankourajman ekonomik ak sipò kominotè anplis (envestisman ka pote pwofi oswa pèt), pou fè chak timoun vin gen plis aksè nan inivèsite.

27. Konbyen kòb ki pral nan Kont Bousdetid NYC pitit mwen an lè yo gradye nan lekòl segondè?

Yo pral investi kont Bousdetid NYC pitit ou a nan Plan Dirèk 529 NY la (NY 529 Direct Plan). Yo investi fon ki nan Plan dirèk 529 NY la nan mache finansye ki bay enterè ni sou capital la ni sou enterè kont la ap ramase yo, pou kont bous la ka vin pi plis avèk tan. Pa egzanp, si pitit ou a te gen 300 \$ nan kont bousdetid li (100 \$ kontribisyon inisyèl la plis 200 \$ kòm ankourajman potansyèl), yo ka estime kont la ap gen apeprè 500 \$ lè elèv la gradye lekòl segondè. Sa a baze sou yon pousantaj retou paegzanp apeprè 4.5% chak ane, pou plis pase 13 ane. Sepandan, piske se investi yo investi lajan nan kont bousdetid la, kont lan gen dwa pèdi lajan tou pafwa, sa depann rannman investisman an. Sa vle di kantite lajan ki disponib pou pitit ou a nan Kont Bousdetid NYC a lè pitit ou a ale nan inivèsite ka plis oswa mwens pase kantite lajan yo te depoze nan kont lan.

28. Kiyès k ap deside kòman yo pral investi lajan sou kont bousdetid la?

NYC Kids RISE ap posede kont bousdetid NYC ak jere l, epi y ap chwazi kòman pou investi lajan an. NYC Kids RISE te chwazi pou l investi kont bousdetid yo nan Plan Dirèk 529 NY la. Pou plis enfòmasyon sou Plan Dirèk 529 NY la, vizite NYSaves.org oswa rele 877-NYSAVES.

29. Èske mwen ka sere pwòp lajan pa mwen nan Kont Bousdetid NYC pitit mwen an?

NYC Kids RISE ankouraje fanmi pou yo konsidere pou wè si ouvri pwòp kont epay inivèsite yo epi yo kòmanse fè kontribisyon ap bon pou yo. Yo pa ka fè kontribisyon nan kont bousdetid NYC endividyèl. Manm kominote yo, tankou òganizasyon ak biznis, kapab kontribye nan kont bousdetid yo pou yon gwoup elèv lè yo fè don bay NYC Kids RISE.

30. Kisa yon kont 529 ye?

Yon kont 529 se yon kalite kont ki fèt espesyalman pou ede fanmi sere pou inivèsite. Lajan nan yon kont 529 ka grandi apre yon sèten tan epi vini avèk avantaj pou taks, tankou pwofi san taks ak revni leta san taks. Sepandan, lajan nan yon kont 529 pa garanti pou grandi epi yo ka pèdi valè.

31. Kijan yon kont 529 diferan avèk yon kont labank?

Kont labank ak kont 529 yo tou de gen opsyon pou ekonomize lajan pou inivèsite. Sepandan, kont 529 yo, yo envesti nan mache finansye, ki vini ak tou ni potansyèl risk ki pi plis ak pi potansyèl pwofi ki pi plis. Kontribye nan yon kont 529, ladan Plan Dirèk 529 NY vini tou avèk avantaj taks, jan yo dekri sa sa nan kesyon 29 la, ke anpil kont bankè pa ofri.

Kont 529 yo fèt espesyalman pou fanmi ekonomize pou edikasyon yon timoun apre lekòl segondè. Si yo fè yon retrè nan kont 529 la pou itilize pou nenpòt lòt bagay ki pa kalifye kòm depans edikasyon, yok a takes pòsyon kòb yo retire a kòm revni òdinè, epi sa ka antrene fanmi peye yon penalite 10 pousan taks sou salè yo. Yok a peye tou taks eta a ak taks local sou lajan yo retire a.

32. E si mwen deja gen yon kont 529 pou pitit mwen an?

Si ou deja gen yon kont 529 nan Plan dirèk 529 NY pou timoun ou an ki nan kindergarten, ou pral gen opòtinite pou “konekte” kont ki egziste a avèk kont

Bous NYC timoun lan epi wè balans tou de kont yo yon sèl kote. Wap jwenn plis enfòmasyon sou koneksyon kont 529 ou an ak kont Bousdetid NYC ou an janvyè.

Pwogram Sere pou Inivèsite NYC Kids RISE la pa bay konsèy envèstisman, epi nou pa fè rekòmandasyon pou okenn envestisman ki pi bon nan gid sa a.

33. Ki jan fanmi mwen ak mwen ka kòmanse ekonomize pou edikasyon pitit mwen an?

Kòmanse nan mwa janvyè, NYC Kids RISE ap bay enfòmasyon sou opsyon ekonomi pou inivèsite ak fason pou kreye yon plan ekonomi kolèj ki fè sans pou oumenm ak fanmi ou. Enfòmasyon yo ap disponib sou entènèt nan nyckidsrise.org ak nan atelye yo nan kominote w la. NYC Kids RISE ankouraje chak fanmi pou eksplòre divès opsyon pou sere pou inivèsite men li pa bay konsèy pou envestisman. Ou dwe konsidere pwòp sikonstans ou anvan ou envesti, epi li ta bon pou chèche konsèy yon pwofesyonèl nan envestisman.

34. Èske mwen ka kòmanse ekonomize kounye a?

NYC Kids RISE ankouraje fanmi yo kòmanse eksplòre opsyon ekonomi inivèsite nan tout pwèn. Nan mwa janvyè, NYC Kids RISE ap bay enfòmasyon sou divès opsyon ekonomi inivèsite ak zouti pou fanmi yo louvri pwòp kont ekonomi inivèsite yo.

35. Ki kalite opòtinite edikasyon finansye pwogram Sere pou Inivèsite a ofri?

Timoun, paran, ak fanmi yo ap resevwa zouti ak enfòmasyon pou devlope pwòp plan ekonomi pou inivèsite yo. Kòmanse nan mwa janvyè, y ap envite oumenm ak fanmi ou nan atelye pou aprann plis sou opsyon ekonomi pou inivèsite ak resous finansye ki disponib pou ou. Epi timoun kindergarten ou an pral aprann sou konsèp debaz finansye nan sal klas yo ki ap kòmanse nan sezon otòn lan.

36. Kòman pou mwen jwenn aksè nan lajan an lè pitit mwen an ale nan inivèsite?

NYC Kids RISE pral bay elèv ak paran/responsab enfòmasyon sou fason pou jwenn aksè nan Kont Bous NYC yo lè elèv yo nan lekòl segondè.

37. Èske gen yon dat limit pou pitit mwen an itilize lajan kont bousdetid yo?

Dat limit pou pitit ou a sèvi avèk fon bousdetid yo se 20 ane apre ane pitit ou an fini kindergarten, ak yon dat final nan mwa jen. Premye klas kindergarten k ap patisipe a pra l fini kindergarten nan mwa jen 2018; donk y ap kapab aplike ak itilize fon bousdetid yo a pou depans ki kalifye pou kolèj oswa fòmasyon pwofesyonèl jisk an jen 2038. Dat limit sa a vle di ke pitit elèv yo pral gen laj 26 an lè sa a. Si gen nenpòt lajan yo pa reklame apre delè sa a, fon sa yo pral retounen nan NYC Kids RISE pou sipòte pwogram Sere pou Inivèsite nan ane k ap vini yo.

38. E si yon elèv nan Pwogram Sere pou Inivèsite a pa ale nan inivèsite?

Elèv ap gen aksè nan lajan ki nan kont Bousdetid Vil Nouyòk la sèlman si elèv la ale nan yon enstitisyon ki kalifye, ki gen ladan pi fò kolèj dezan ak kolèj katran ak pwogram fòmasyon espesyal ak pwogram sètifikasyon tou. Si elèv la pa reklame lajan sa yo nan espas 20 lane apre yo fini kindergarten, lè sa a fon sa yo pral retounen nan NYC Kids RISE pou sipòte pwogram Sere pou Inivèsite) nan ane k ap vini yo.

39. Kijan Pwogram Sere pou Inivèsite a ap afekte kalifikasyon pou benefis piblik yo?

Paske se NYC Kids RISE ki posede ak jere Kont Bousdetid NYC yo, genyen yon kont bousdetid pa afekte aplikasyon yon elèv oswa fanmi an pou benefis piblik.

Si yon fanmi sere lajan nan pwòp kont ekonomi inivèsite yo, avantaj sa a ka gen enpak sou sèten benefis.

40. Kijan Pwogram Sere pou Inivèsite a ap afekte pri lwaye mwen si mwen abite nan lojman New York City Housing Authority (NYCHA)?

Paske se NYC Kids RISE ki posede ak jere Kont Bousdetid NYC Kids RISE yo, genyen yon kont bousdetid pa afekte aplikasyon yon elèv oswa fanmi an pou aplikasyon oswa lwaye lojman NYCHA ni pou èd pou lojman atravè Depatman pou konsèvasyon lojman ak devlopman NYC.

Si yon fanmi sere lajan nan pwòp kont ekonomi pou inivèsite yo, yo ka konsidere avantaj sa a nan pwosesis aplikasyon an.

41. Kiyès mwen ka kontakte pou plis enfòmasyon konsènan pwogram Sere pou Inivèsite a?

Vizite nyckidsrise.org oswa kontakte NYC Kids RISE Hotline nan 833-KID-RISE (833-543-7473).

Envesti nan pitit ou- sere pou inivèsite

CHACHE KONNEN KI JAN
nyckidsrise.org

NYC
KIDS
RISE

NYC[™] | Office of the Mayor | Department of Education

GRAY
FOUNDATION

Materyèl yo te rive posib an pati atravè sipò Citi Community Development.